

! Siy Avètisman Matènèl Ijan

Ou te ansent oubyen ou te akouche nan ane ki sot pase a?



Si ou genyen nenpòt nan siy avètisman ijan sa yo, rele 9-1-1 oswa ale nan Sal Ijans/Triyaj Obstetrisyen ki pi pre a!



Tèt fè mal ki pa janm pase oswa ki vin pi mal de jou an jou, avèk oswa san chanjman vizyon



Mal pou respire



Mouvman tibebe a sispann oswa ralanti




Kriz



Ekoulman san oswa likid nan vajan *pandan* gwosès



Gwo doulè vant fè mal ki pa janm pase



Reflechi pou fè tèt ou mal oswa fè tibebe ou an mal

Lè ou rive nan Sal Ijans/Triyaj Obstetrisyen an, di yo:

Non ou

Ou ansent oswa ou te fè yon sezaryèn oswa yon akouchman nan vajan nan (dat)

Kiyès ki Doktè Obstetrisyen ou an ak ki kote ou te akouche

Siy avètisman ou remake yo



Rele Doktè Obstetrisyen ou an epi di l pou li ***egzamine w jodia*** si ou gen nenpòt nan siy avètisman matènèl ijan sa yo:



Lafyè



Gwo anflamasyon nan men oswa nan figi



Anflamasyon nan janm, anflamasyon oswa woujè nan janm ou



Doulè nan pwatrin oswa kè k ap bat rapid



Gwo kèplen ak vomisman (ki pa sanble ak kèplen gwosès lematen yo)



Vètij oswa endispozisyon



Gwo fatig



Chanjman nan vizyon w



Gwo ekoulman san nan vajan (plis pase lè ou gen règ ou) apre ou fin akouchman

Lè ou rive jwenn biwo a oswa Doktè Obstetrisyen ou an, di l:

- Non ou
- Ou ansent OUBYEN ou te fè yon sezaryèn oswa yon akouchman nan vajan nan (dat)
- Siy avètisman ou remake yo epi ou vle wè/pale ak doktè ou an ***jodi a***

Si ou pa ka jwenn Doktè Obstetrisyen ou an, ale nan sal dijans/Triyaj Obstetrisyen an!